

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra mangrupa tradisi budaya anu pakakasna ngagunakeun basa. Ku kituna, kahirupan anu muncul dina karya sastra umumna mah mangrupa bagian tina kanyataan sosial. Tumujuhna karya sastra teu leupas tina kamotékaran manusa. Ngaliwatan karya sastra, manusa bisa nepikeun eusi pikiranna dina wangun lisan atawa tulisan. Karya sastra téh aya nu saluyu jeung kanyataan, aya ogé nu sakur rékaan tina kahirupan anu saenyana. Ieu hal saluyu jeung nu ditepikeun ku Faruk (2015, kc. 77) yén karya sastra mangrupa objek manusiawi, *fakta* kamanusaan, atawa *fakta kultural*, sabab mangrupa hasil cipta manusa.

Kajaba ti éta, sastra mangrupa hiji karya seni fiktif tur kréatif nu dijieun ku manusa ngaliwatan prosés mikir. Ieu hal luyu jeung pamadegan Welles & Warren (2014, kc. 3) yén sastra mangrupa hiji kagiatan kréatif dina karya seni. Prosa, puisi, jeung drama mangrupa wujud karya sastra Sunda. Salah sahiji karya sastra nu kaasup prosa téh nyaéta carpon atawa carita pondok. Carita pondok kaasup kana carita fiksi. Maca carita fiksi mikabutuh *interpretasi* anu luhur sangkan bisa narima naon-naon anu rék ditepikeun ku pangarang dina éta carita (Stanton, 2007, kc. 17). Pamikiran salah sahiji pangarang ditepikeun ka pamaca ngaliwatan téma. Masalah sosial mangrupa salah sahiji hal anu mindeng dipilih jadi téma ku pangarang.

Téma-téma sabudeureun masalah sosial réa diangkat dina karya sastra pikeun dijadikeun kritik, éta hal miboga udagan sangkan pamaca boga sawangan anu bener tina karya nu dibacana. Karya sastra méré pangaruh nu gedé kana kasadaran pamaca ngeunaan bebeneran kahirupan, pangarang katut karyana, salah sahijina nyaéta carpon téh boga peran jadi panggeuing jeung pangéling-éling keur masarakat. Méré luang malah mandar jadi piwulang keur masarakat dina ngalakonan kahirupanana. Hartina, carpon hususna nu ngandung ajén kritik kana masalah sosial mangrupa élémén anu penting keur kahirupan masarakat.

Carpon bisa ditalungtik ku sababaraha pamarekan. Hiji karya sastra bakal katingali hadé, upama ditalungtik ku pamarekan nu luyu jeung éta karya. Kitu deui pamarekan sosiologi sastra nu digunakeun ngulik carpon nu ngandung kritik kana masalah sosial. Nurutkeun Ratna (2004, kc. 339-340) ngajéntrékeun yén sosiologi sastra mangrupa analisis karya sastra jeung masarakat. Ku kituna analisis anu bisa dilakukeun nyaéta (1) nganalisis masalah-masalah sosial anu nyangkaruk dina éta karya sastra, tuluy dipatalikeun jeung kanyataan anu kalarung; (2) maluruh hubungan antar stuktur anu sipatna *dialektika*; (3) nganalisis karya sastra pikeun nyangking hiji *informasi*.

Tatar Sunda kaasup kana wilayah anu beunghar ku pangarang nu rancagé, jeung mindeng nyiptakeun karya nu ngandung kritik kana perkara anu dianggapna salah. Kritik dina karya sastra Sunda henteu leupas tina kaayaan hirup di jamanna. D.K. Ardiwinata dina karyana, *Baruang Ka Nu Ngarora*, nyelapkeun kritik ka jelema nu sok ngaberung napsu jeung nyusahkeun kolot. Dina *Carios Agan Permas*, Yuhana némbongkeun kritik kana kaayaan masarakat Sunda dina mangsa kolonial Walanda. Salian ti éta, carpon *Néangan* karya Caraka ogé méré kritik kana kahirupan urang Sunda modéren. Éta karya-karya téh medal minangka hiji usaha pikeun nyawang hiji perkara nu dianggap salah ku pangarang.

Objék dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De, salah saurang pangarang Sunda anu mindeng nulis perkara kritik sosial dina karyana. Lugiena De téh ngan sandiasma dina karangan wungkul. Ngaran sabenerna mah nyaéta Dea Lugina. Geus loba karyana di antarana sajak, carpon jeung naskah drama. Sawatara karanganana aya nu kungsi jadi pinunjul dina hadiah sastra LBSS taun 2005. Ku kituna, ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun pikeun maluruh naon baé kritik sosial anu nyampak dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan kritik sosial tina karya sastra atawa kumpulan carpon anu kungsi dilaksanakeun mangrupa skripsi, nyaéta “Kritik Sosial dan Nilai Pendidikan Kumpulan Cerpen Emak Ingin Naik Haji Karya Asma Nadia (Tinjauan Sosiologi Sastra)” disusun ku Akhmad Akhsan Nur Annas (2010), “Kritik Sosial dalam Kumpulan Puisi Aku Ingin Jadi Peluru Karya Wiji Thukul” disusun ku

Hantisa Oksinata (2010), jeung “Ulukan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* Karya Usep Romli H.M. Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” disusun ku Pepy Sri Anjasari (2015).

Bébédaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan-panalungtikan saacanna nyaéta tina pamarekan jeung objék anu ditalungtikna. Ieu panalungtikan baris ngulik kritik sosial nu aya dina kumpulan carpon *Jeruk* karya Lugiena De ngagunakeun pamarekan struktural jeung sosiologi sastra. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Kritik Sosial dina Kumpulan Carpon *Jeruk* karya Lugieuna De (Ulukan Aspék Sosiologi Karya Sastra)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang saméméhna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah tanya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita (téma, *fakta* carita, jeung sarana carita) nu aya dina kumpulan carpon *Jeruk*?
- 2) Masalah sosial naon waé anu aya dina kumpulan carpon *Jeruk*?
- 3) Kritik sosial naon waé anu nyampak dina kumpulan carpon *Jeruk*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum sarta husus nyaéta:

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh kritik sosial anu nyampak dina kumpulan carpon *Jeruk*.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan sacara husus miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis aspék sosiologi karya sastra:

- 1) Struktur carita (téma, *fakta* carita, jeung sarana carita) nu aya dina kumpulan carpon *Jeruk*.
- 2) Masalah sosial anu nyampak dina kumpulan carpon *Jeruk*.

3) Kritik sosial anu nyampak dina kumpulan carpon *Jeruk*.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh dipalar bisa méré mangpaat sacara teoritis jeung praktis, saperti ieu di handap:

##### **1.4.1 Mangpaat Teoritis**

Sacara teoritis ieu panalungtikan dipalar bisa nambahan pangaweruh dina widang sastra utamana wangun carpon katut bisa ngaronjatkeun minat baca masarakat sangkan bisa terus ngaaprésiasi karya sastra leuwih gemet deui.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan dipalar bisa jadi inpormasi ngeunaan masalah jeung kritik sosial nu nyampak dina kumpulan carpon *Jeruk*.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Anapon sistematika penulisan panalungtikan ieu nyaéta:

Bab I medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta sistematika tulisan.

Bab II medar tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan sarta kalungguhan masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Salian ti ayana tiori-tiori nu ngadadasaran dina BAB II gé kudu aya pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan teoritis panalungtikan nu dilaksanakeun. Bab III medar métode panalungtikan nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data. Bab

Mochammad Windi Bahari, 2018

KRITIK SOSIAL DINA KUMPULAN CARPON *JERUK* KARYA LUGIENA DE : Ulukan Aspék Sosiologi Karya Sastra

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

IV ngawengku hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina BAB II.

Bab V medar ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analisis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.